

Règleman BBK pou paran ki divòse oswa ki separe

Nan Bluebird Kids Health, pi gwo priorite nou se sante ak byennèt pitit ou a. Nou la pou bay swen eksepsyonèl nan yon anviwònman konfyans—epi nou fè tout sa nou kapab pou nou rete konsantre sou bezwen fizik, emosyonèl, devlopman ak sosyal pitit ou a.

Nou konprann dinamik familyal yo kapab konplèks. Pou asire nou kapab pran swen pitit ou a byen, nou mande tout paran ak gadyen legal yo pou yo revize epi suiv règleman ki anba a. Gid sa yo ede nou rete konsantre sou swen pitit ou a pandan n ap minimize konfizyon oswa konfli ki gen rapò ak gad timoun nan ak kominikasyon.

1. **Wòl nou se pran swen pitit ou a.** Founisè nou yo ak anplwaye nou yo pa ka patisipe nan diskisyon oswa dezakò ant paran yo – kit se an pèsòn, nan telefòn, oswa nan kominikasyon alekri tankou lèt. Yo pa ta dwe janm rele nou kòm temwen nan okenn pwosedi tribinal.
2. **Tanpri dakò ak desizyon yo anvan vizit ou a.** Nou mande pou nou diskite epi dakò sou tout gwo desizyon yo—tankou pran randevou, vaksinasyon, ak/oswa pwosedi nan biwo yo—**anvan** nou vini nan biwo a.
3. **Lòd tribinal yo dwe nan dosye.** Si gen yon lòd tribinal ki limite aksè yon paran a dosye medikal oswa vizit, oswa ki limite dwa yon paran pou gen kontak ak timoun nan, nou dwe gen yon kopi nan dosye a. San dokiman, tou de paran/gadyen legal yo ap gen menm dwa pou jwenn aksè epi patisipe nan swen an.
4. **Konsantman ak aksè a swen.** Si pa gen yon lòd tribinal, nenpòt nan paran yo/gadyen legal yo ka:
 - Bay konsantman pou tretman
 - Otorize lòt moun (egzanp, granparan, moun k ap pran swen timoun nan) jan sa dekri nan Fòmilè Konsantman ak Otorizasyon an pou mennen timoun lan nan yon randevou, pou prezan pandan vizit la, pou bay konsantman pou nenpòt tretman pandan vizit la, epi pou konsilte rezime aprè vizit la.
 - Pwograme randevou
 - Gade epi mande dosye medikal (si jè a nenpòt frè demann dosye medikal ki aplikab)

Nou p ap patisipe nan diskisyon konsènan moun otorize, konsantman pou tretman, desizyon sou swen oswa aksè a dosye medikal sof si lalwa ki aplikab la egzije nou fè sa.

5. **Kominikasyon konsènan vizit:** Se responsablite tou de paran yo pou kominike youn ak lòt konsènan swen pitit yo, randevou yo, ak suivi yo. Founisè nou yo p ap kontakte paran ki pa vini an aprè yon vizit, ni bay kopi kominikasyon sof si lalwa egzije sa.
6. **Jesyon randevou:** Nou pa mete restriksyon sou kapasite okenn paran pou pwograme oswa anile randevou sof si lalwa egzije sa. Nou p ap fasilite kominikasyon ant paran yo tou konsènan orè oswa desizyon sou swen.
7. **Atant pèman:** Pèman an dwe fèt nan moman sèvis la, kèlkeswa paran ki responsab depans medikal yo dapre akò divòs la. Nou pa yon pati nan akò sa yo. Paran ki mennen timoun nan dwe peye kopèman, franchiz, oswa nenpòt depans ki dwe fèt nan pòch li lè vizit la. Si jijman divòs la egzije pou lòt paran an peye tout oswa yon pati nan depans tretman an, se responsablite paran ki otorize a pou l kolekte lajan an nan men lòt paran an. Si yon balans rete san peye epi li ale nan koleksyon, li dwe rezoud anvan yo ka wè timoun nan ankò, dapre Règleman Responsablite Finansye Bluebird Kids Health la.

Si yo pa suiv règleman ki anwo yo oswa si konfli a kòmanse entèfere ak kapasite nou pou pran swen pitit ou a oswa pou kenbe yon anviwònman ki an sekirite epi ki respekte ekip nou an, nou ka bezwen konsidere revoke pasyan an nan klinik la.